гие поселения и целые оазисы практически обезлюдились в эту эпоху. После битвы на Таласе в этом пограничном районе происходит стабильное восстановление экономической жизни. Древние святилища, монументальные дворцы знати приходят в запустения. Новые хозяева строят свои дворцы и храмы. Поверх оплывших и нивелированных руин монументального сооружения Пшакшитобе в IX-X вв. откладываются бытовые отходы новых жителей поселения.

Материальную культуру жителей городища характеризуют своеобразная керамика, изделия из железа, бронзы, камня и стекла. Комплекс керамики предварительно можно разделить согласно стратиграфии на несколько хронологических групп.

Самыми древними на сегодняшний день по состоянию вскрытых слоев и конструкций является небольшое количество неглазурованной лепной керамики до арабской эпохи. Она получена при зачистке и разборке кладов сплошного монолитного сооружения, открытого под слоем более позднего отложения. Среди них выделяются обломки верхних частей сосудов с прочерченными по сырой глине тамгами. Под горловиной одной из красноглиняных корчаг прочерчен знак в виде парой закрученных бараньих рогов, соединённых вертикальной чертой. На одном из фрагментов стенки хума имеется прочерченный знак в виде коротенького стерженька, увенчанного двумя закруглёнными в разные стороны концами. Другой из фрагментов лепного кувшина тоже имеет прочерченную по сырой глине тамгу.

Следует отметить, что почти вся эта керамическая посуда украшена традиционными потёками тёмного или красного ангоба. Кувшины представлены в основном фрагментами. Они разные как по цвету обжига, так и по составу теста. Значительная часть их лепная. Некоторые из них имеют снаружи горизонтальное рифление. Ручки с продольным желобком по спинке сжатой с боков типичны для второго этапа отрарско-каратауской культуры, датируемого исследователями началом IV-V вв. н.э.

Совершенно новые данные получены по изучению Бесиншитобе. В результате раскопок здесь открыты остатки уникального архитектурного комплекса, представляющие собой возведение в один приём сложное монументальное сооружение, которое имело форму архаичной и массивной двухступенчатой пирамиды.

**Литература**


1. Грошев В.А. Ирригация Южного Казахстана в средние века. -Алма-Ата: 1985.
2. Байпаков К.М. Древняя и средневековая урбанизация Казахстана. –Алма-Ата: 2012.
3. Свод памятников истории и культуры Южно-Казахстанской области. Отрарский район. –Алма-Ата: 2007.
4. Бернштам А.Н. Проблемы древней истории и этногенеза Южного Казахстана. //Известия АН КазССР, серия археология, 1950, вып. 2.
5. Бабаяров Г., Кубатин А. Методы идентификации и определения последовательности выпусков монет Западно-Тюркского каганата. // Казахстан и Евразия сквозь века: история, археология, культурное наследие. -С.313.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақола 2015 йилда қадимги ўтроқ маконлар - Шакшитобе ва Бесиншитобеда олиб борилган археологик илмий ишларнинг дастлабки натижаларига бағишланган. Ушбу Шакшитобе тепалигида араб босқинигача бўлган даврга тегишли қурилишлардан қолган бино қолдиқлари топилган. Ушбу жойда арабларгача бўлган учта даврда қурилиш ишлари олиб борилганлигининг излари кузатилади. Энг дастлабки даврга тегишли бўлган, олти метр ҳажмга эга девор қолдиқлари топилган. Кейинги даврга 1-сонли маҳобатли мажмуа тегишлидир. Энг баланд терилган ғишт қатламлари учинчи қурилиш даврига тегишли ҳисобланади. Бесиншитобеда энг йирик маҳобатли қурилиш қолдиқлари очилган. Лой деворларнинг кенглиги 7,5 м., баландлиги эса 2,5 м.ни ташкил этади. Қораҳонийлар даврига тегишли бўлган энг баланд қурилиш қолдиқлари сақланмаган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается предварительным результатам археологических раскопок мест древнего поселения Шакшитобе и Бесиншитобе проведённых в 2015 году. Были обнаружены остатки монументального строительства на холме Шакшитобе до аравийской эпохи. Были прослежены три строительных периода до аравийской эпохи. Самый ранний из проектов это монументальная шестиметровая стена. К следующему периоду относится комплекс №1. Самая высокая закладка кирпича относится к третьему строительному периоду. На Бесиншитобе был открыт остаток крупного монументального строительства. Толщина глиняной стены составляет 7,5 м., а высота 2,5 м. Самый высокий строительный горизонт эпохи времён Караханийцев не был сохранён.

**SUMMARY**

The article is devoted to preliminary results of archeological excavations of sites of ancient settlement Shakshitobe and Besinshitobe carried out in 2015. At the top of the hill Shakshitobe the rests of a monumental construction till the Arabian epoch have been revealed. Three building periods till the Arabian epoch have been studied. The earliest of designs is the monumental six-meter wall. To the following period the facility №1 belongs. The top brick bookmark relates to the third building period. On Besinshitobe the rests of a large monumental construction have been opened. Thickness of a pise-walled wall of a construction is 7,5 m, the height is 2,5 m. The top building horizon of the epoch of Karakhanis time was not kept.


## ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА ШОРАЛАР ҲӘКИМИЯТЫНЫҢ КАДРЛАР СИЯСАТЫ ҒӘРЕЗСИЗЛИК НӘЗЕРИНЕН


**Р.Ж.Базарбаев** - *тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар**: шўролар ҳокимияти, пролетар диктатураси, кадрлар сиёсати, кўчириш сиёсати.

**Ключевые слова:** период советской власти, диктатура пролетариата, кадровая политика, политика перемещения.

**Key words:** period of Soviet power, dictatorship of proletariat, staff policy, policy of movement.


Ҳәзир пүткил халқымыз бизге бахыт ҳәм дәўлет алып келген Ғәрезсизликтиң 25 жыл мерекесинен руўхланып, келешекке үлкен исеним билдирип жасап атырған ўақытта бизиң ғәрезсизликти ийелегенлигимиздиң тарийхый ҳәм жәмийетлик әҳмийети терениректен көрине баслап, «Биз бурын ким едик, енди ким болдық?» деген сораўға жуўап излегенде, өткен шоралар дәўириндеги зорабанлықты, озбырлықты еске түсириў менен бирге бизиң бүгинги күндеги турмысымыздың пәраўанлығы, өмиримиздиң баҳалылығы ҳәм еркинлигимиздиң қуўаты, көз алдымызға елеслеп, оны тени-тайы жоқ Аллаталаның сыйлығы сыяқлы түсинесен.

Мен жас тарийхшы ретинде өзимниң илимий искерлигимде Совет хүкиметиниң кадрлар сиясатының тарийхы менен шуғылланаман. Мен Совет ҳүкиметиниң 1907-1990 жыллар аралығында «кадрлар сиясатын изертлеўимде» мынадай хақыйқатлыққа дус келдим:

Биринширден, Совет хүкиметиниң кадрлар сиясаты кадрлардың өндиристи, елди басқарыўдағы уқыплылығы, билими емес, ал кадрларды халықтың аўызбиршилигин бузатуғын жанлы қурал ретинде пайдаланыў;

Екиншиден, «Ҳәммесин кадр шешеди» деген тапсырмаға муўапық елди орысластырыў;

Үшиншиден, жергиликли миллетлердиң ўәкиллеринен алға умтылып шыққаң озық ойлыларды қуўдалап, оларды душпанлар топарына қосып жазалап сүргинге айдаў, жанынан жуда қылыў.

Бирини сиясатқа дыққат аўдарсақ, совет ҳүкимети басшылыққа алған ҳәм кейин ең жарамсыз идеология болып қалған, коммунистлик идеология бойынша жәмийетти класслық гүрес раўажландырады. Класслар бири-бири менен келисимсиз болады. Соның ишинде буржуазия менен пролетариат арасындағы гүресте пролетариаттың жеңиси арқалы социализм сыяқлы теңликти, коммунизм сыяқлы ҳәзликти

дүземиз деп қарақалпақ елинен пролетариатты изледи. Оны қаллаш деп атап, оның қатарына ақылсыз, ҳүждансыз, бийшара биреўлердиң есигинде бир тамағы ушын күнликшиликте жүрген, қолынан ҳеш ис келмейтуғын адамларды пролетариат деп есаплап, оларды ҳүкимет басшылығына араластырды. Олар ҳүкиметте не ислеўи керек, онда заң-законлар бола ма, халыққа хызмет етиўдиң мәниси не екенин түсинбеди. Тарийхта қалған сол жыллардағы мынандай ўақыя белгили. Қанлыкөл елатының биринде аўыл советке сайлаў болғанда, сол аўыл-кенеске сипсекешти жокарының көрсетиўи бойынша бул кеңеске баслық етип сайлаған. Оннан кейинде сол адам, ерте келип кеңестиң дөгерегин сыпырып жүргениң көрип, адамлар сизиң жумысыңыз басқа, бул дөгеректи енди басқа адам сыпырады дегенде ол бул кеңседе меннен аўысатуғын жумыс жоқ деп өзиниң наданлығын көрсеткенлигин халық айтып жүрген екен.

Бундай жергиликти халықтың араласыўының ҳүкиметке ең үлкен пайдасы, олар сол аўылда кимниң кандай шығысы бар, ким динге калай қарайды ҳәм тағы басқаларды жеткизип туратуғын жансызлар ретинде пайдаланған. Олар пәленше молла түнде балаларды оқытады деп талай адамларды тюрмаға салған. Булардың мысалларын қарақалпақта үлкен хүрметке ийе болған академик С.Камаловтың, Өзбекстан кахарманы И.Юсуповтың әкелериниң ҳәм тағы басқалардың қуўдаланғанлығынан көремиз. Бул жансызлардың арқасында Қарақалпақстанда 20-жыллардың ақыры 30-жыллардың басында 920 адам кулак деп жәрияланып сайлаў ҳуқықынан айырылды [1].

Екинши сиясатта, кадрларды шеттен алып келип халықтың дәстүрин, миллий өзиншелигин бузыў тапсырмасы иске асты. Совет ҳүкиметиниң дәслепки жылларында Қарақалпақстанға басқа миллет ўәкиллериниң араласыў сиясаты иске асты. Мысалы, 1927-жылы Қарақалпақстанға Қазақстаннаң Петр Варламов жибериледи, ол Қарақалпақстан автономиялы областының басшысы болып ислеген, соң 1928-жылы Қазақстаннан үш адам Қарақалпақстан ҳүкиметин беккемлеў ушын жиберилген [2].

Ал соңғы жыллары орысластырыў сиясаты ҳәр тәреплеме ҳәўиж алды. Қалаларды айтпағанда ҳәр бир елатлы пунктлерде орыс диаспорасы пайда болды, баслы жумысларды орыслар баскарды. «Қарақалпақстан автономиялы областының басшы қурамын шама менен үш топарға бөлиў мүмкин» - деп жазады 1927- жылы ҳәкимиятқа келген П.Варламов, өзиниң ВКП (б) Қазақстан Үлкелик Комитетиниң жуўаплы хаткери Ф.И.Голощекинниң атына 1928-жылдың мартында жиберген хатында. Биринши топар жергиликли миллетлер (қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар, түркменлер) орталығынан усыныўлар процесинде дүзилди. Олардың барлығы өзиниң дәрежеси бойынша тийкарынан бирдей болды. Тек айырымларын айтпағанда жумыста айтарлықтай әззи еди. Олар өзлерин еле ҳақыйқый коммунистлер басшылар сыпатында сезбеди, «аңлап жетпеди» ҳәм үлкен жәрдем жәнe дыққатты талап етти. Хызметкерлердиң бул топарында тосыннан келип қалғанлар да көп еди. Олардың айырымлары ҳәр қыйлы жынаятларға араласқан (тийкарынан лаўазымлық), ямаса пүткиллей жумысқа уқыпсыз болып шықты. Олар тек анаў ямаса мынаў топардың (ямаса адамның) «мәлимлеме жеткериўшиси» болды, ямаса ўәлаяттың «өз» миллетиниң ўәкили болды. (Бурын бул жерде «миллий арифметика» деп аталатуғын талап бар еди. Ол бойынша лаўазымлар ҳәм «тәсир етиў салалары» бөлистирилди). Сондай-ақ большевиклер партиясының қатарына ҳәм совет ҳәкимиятына кирип қалған социаллық жат элементлер де бар еди.

Хызметкерлердиң екинши топары булар жергиликли емес, ал сырттан жиберилген ямаса ўәлаяттың сораўлары бойынша алдырылған, яки Үлкелик Комитеттен ҳәм улыўма Үлкелик мәкемелер менен шөлкемлерден жиберилген адамлар еди. Бул топар көпшилик тәрепинен Европалылардан (тийкарынан, руслардан), қазақлар ҳәм татарлардан ибарат болды. Қала берсе, олардың бир қатары Қазақстанның басқа губернияларында пайдаланыў мүмкин болмағанлықтан жумыссызлар сыпатында ямаса ҳәр қыйлы қәте-кемшиликлери ҳәм жәнe тәртип бузыўлары ушын жаза сыпатында жиберилгенлер еди. Олардың айырымлары ақша ислеп табыў ушын Қарақалпақстан автономиялы республикасына келиўге келисим билдиргенлер еди ҳәм т.б. Ақыбетинде гейпаралары ишиўшиликке берилип түнлерде соқта ойнайтуғын еди (олардың айырымлары преферанс ойнаў мәдениятлылықтың белгиси деп есаплады), тапсырылған жумысқа бийпарўа қарады ҳәтте жынаятлар иследи. Айырымлары болса мәкемелерге барып ҳәр қыйлы нәрселерди айтып, сынға алды. Гейпаралары болса лаўазымынан айырылып қалмаў мақсетинде айлық алыў ушын ғана иследи. Қай жақтан шыққанына қарамастан, барлық усынислар менен келисип оларды мақуллап жүрди.

Үшинши топар «ықтыярлы ҳәм ықтыярсызлардан» ибарат болды. Бул топарда партия қатарында жоқлар (мәкемелер ҳәм шөлкемлердиң қәнигелери, техникалық хызметкерлери ҳәм басқалар) болды, «Тандырды қызғанда жап!», «Шамаң барда жасап қал!» деген сүренлер астында жасады ҳәм иследи. Қадағалаўсызлық жағдайынан пайдаланып олар көп ақша алатуғын еди, ысырапшылыққа жол қойды. Қала берсе, бул «қәнигелердиң» көпшилиги гүман пайда етти. Сүргиндегилер (әсиресе, сиясий сүргиндегилер) белгили дәрежеде шөлкемлескен топарды қурады. Ал басқалары болса ишиўшиликке, бузақышылыққа берилди, ямаса даўжәнжел шығарып, өсек айтып жүрди» [3].

Орысластырыў сиясатын иске асырыўда қарақалпақ халқын саўатсыз қалдырыў сиясаты үлкен роль аткарды. Ол ушын ҳүкимет халықты еки рет, биринши рет араб графикасын латынға өзгертип, екиши рет латын графикасын кирилге өзгертип хәммени саўатсыз қылды. Солай етип, сизлер қарақалпақлар бизден бурын жаппай саўатсыз едиңиз, халықтың саўатлылығы 0,2 пайыз еди. Төрткүлде жасаған орыслар еди. Мине, бизлер сизлерди адам қылдық, деп езе берди.

Үшиншиден, Совет ҳүкиметиниң кадрлар сиясатындағы баслы мәселе жергиликли миллеттен шыққан озық ойлы адамларды қуўдалаў, байларды исбилерменлерди жоқ отыў сиясаты пайдалы өндиристи шөлкемлестирип, елди курғынластырыўға үлкен зыянын тийгизди. Социализм дегенимиз ҳәммениң теңлиги, онда байлар, исбилерменлер беллесиўи зәрүр деп, ҳалықты асырап отырғанлардың желкесин қыйтып таслады, мәселен 20-30- жыллар басында 295 бай ҳәм исбилерменлердиң хожалықлары мәмлекетлестирилди. Мысалы, Аралда балықшылықты раўаждандырып, адамларға жумыс ҳәм қәрежет берип, флотилия дүзип балық өнимлерин шет елге сатып, саўаплы хызмет еткен Лепесбайды сүргинге айдады. Отызыншы жыллардағы ашлық дәўиринде Оренбургтан түйе менен бийдай тасытып, оны халыққа көкке үлестирген Халмурат ҳәм Асқар байларды жазалаўлары, исбилерменлерди судлаўы халықты улыўма жарлы етип диңкесин курытыўға қаратылған еди.

Халық бул зорлыққа шыдамады. Наразылық күшейди. Нәтийжеде, 1929-жылы Тахтакөпир қозғалаңы келип шықты. Бул қозғалаң совет хүкимети тәрепинен реймсиз түрде бастырылды. Халықтың бул наразышылығы ушын 16 адам атыў жазасын алды. 25 адам ҳәр түрли жылларға кесилди. Соның менен бирге судсыз жазалайтуғын үшлик тройка тәрепинен революцияға карсы Шымбай шөлкеминиң 36 ағзасы атылған, 13 адам хәр түрли мүддетте қамаўға алынды, 200 адам ислеп атырған лаўазымларынан босатылып партия қатарынан шығарылды, 293 адам мәжбүрий түрде көширилди, 407 адам молла-ийшанлар ҳәм оның әўладлары деп репрессияға ушырады.

Адамзат тарийхында сийрек ушырасатуғын бундай кадрлар сиясаты елимизди 70 жыл даўамында арқаға тартты ҳәм ол сиясаттың әдил баҳасын берген биринши Президентимиз И.А.Каримовтың «Бизлер бас тартқан социалистлик мәмле-

кетшилик бизиң халқымызға әпиўайы түрде таңылған еди. Ол халықтың тийкарғы мәпине, әдеп- икрамлылық ҳәм руўхый баҳалықларына сәйкес келмеди. Орайдан басқарылған мәмлекетлик машина әйтеўир бир манкуртке, өзиниң ҳасыл-нәсили ямаса тарийхын халқының дәстүрлерин есте тутпайтуғын адамға есапланған еди» [3] деген сөзиниң ҳақыйқый даналық екенин дәлийллейди.

Жуўмақлап айтқанда, советлик системаның кадрлар сиясатының зәҳәрли акыбетлерин көрип, бизиң ғәрезсизлигимиздиң шарапатындағы кадрларға болған әдил сиясатқа шын кеўилден ырзашылық билдирип, И.Каримовқа миннетдаршылық билдирип ғәрезсизлигимизди және де қәстерлей бергимиз келеди.

**Әдебиятлар**


1. Каримов И.А. Родина священна для каждого. -Т.: «Узбекистон», Т.3. 1996. - С.6.
2. Базарбаев Р.Ж. История кадровой политики Советской власти в Каракалпакстане. –Н.: «Билим», 2012. –С. 70.
3. Қарақалпақстанның жана тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 2003. 225- б.



**РЕЗЮМЕ**

Муаллиф мақолада шўролар хукуматининг Қорақалпоғистондаги кадрлар сиёсатини мустақиллик мафкураси нуқтаи назаридан ёритади, кадрлар сиёсатининг миллий нозозлигининг моҳияти очиб берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье автор затрагивает кадровую политику советской власти в Каракалпакстане с позиции идеологии национальной независимости, раскрывает антинациональную направленность кадровой политики советской власти в Каракалпакстане.

**SUMMARY**

The article deals with the staff policy of Soviet power in Karakilpakstan from the point of view of ideology of national independence. The author also studies the antinational direction of the staff policy of Soviet power in Karakalpakstan.


**Huqıqtanıw**

# ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ПРЕЗИДЕНТИ САЙЛАЎЫ ҲАҚҚЫНДАҒЫ НЫЗАМ ҲӘМ ПУҚАРАЛАРДЫҢ САЙЛАЎ ҲУҚЫҚЛАРЫ ҲӘМ КЕПИЛЛИКЛЕРИ


**З.Исмаилова** - *Тарийх ҳәм ҳуқықтаныў факультетиниң 3-курс талабасы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** ҳуқуқий демократик давлат, фуқаролик жамияти, фуқаро, ҳуқуқ, эркинлик, сайлов, сайланиш, давлат жавобгорлиги, жиноий жавобгорлик.

**Ключевые слова**: правовое демократическое государство, гражданское общество, человек, гражданин, право, свобода, выборы, избирание, правительственная ответственность, уголовная ответственность.

**Key words:** law-based democratic state, civil society, person, citizen, right, freedom, election- to elect governmental responsibility, criminal responsibility.


Бизиң мәмлекетимиздиң алдына қойған мақсети – ҳуқықый демократиялық мәмлекет, пуқаралық жәмийет қурыў, ҳәр бир инсан ушын мүнәсип турмыс жағдайын жаратып бериў болып табылады. Тийкарғы нызамымыз болған Өзбекстан Республикасы Конституциясының да бас мақсети инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў болып табылады. Солардың ишинде пуқараларымыздың сайлаў ҳәм сайланыў ҳуқықлары сиясий ҳуқықлары қатарында ең баслы орынды ийелейди.

Өзбекстан Республикасында сайлаў ҳуқықы өзиниң ҳуқықый тийкарларына ийе. Бул сайлаў өткериў тәртибин белгилеўши Өзбекстан Республикасы Конституциялық ҳуқықый нормаларынан ибарат. Бундай ҳуқықый нормаларға: Өзбекстан Республикасы Конституциясы (23-бап), Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының (22-бап) сайлаў ҳаққындағы нормалары «Өзбекстан Республикасы Президентине сайлаў ҳаққындағы Нызам», «Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисине сайлаў ҳаққындағы Нызам», «Халық депутатлары ўәлаят, район, қала кеңеслерине сайлаў ҳаққындағы Нызам», «Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы ҳаққындағы Нызам», «Пуқаралардың сайлаў ҳуқықларының кепилликлери ҳаққындағы Нызам», «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары ҳаққындағы Нызам» лар киреди.

«Өзбекстан Республикасының Президенти сайлаўы ҳаққында»ғы нызамы 1991-жылы 18-ноябрьде қабыл етилди. 1992, 1998, 1999, 2000, 2004, 2008, 2011-жыллары бул нызамға өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилди.

Өзбекстан Республикасы Конституциясының 117-статьясында «Өзбекстан Республикасының пуқаралары мәмлекет ҳәкимияты ўәкиллик органларына сайлаў ҳәм сайланыў ҳуқықына ийе. Ҳәр бир сайлаўшы бир даўысқа ийе. Даўыс бериў ҳуқықы, өз қәлеўин билдириў теңлиги ҳәм еркинлиги нызам менен кепилленеди» деп көрсетилген.

Өзбекстан Республикасы «Пуқаралардың сайлаў ҳуқықларының кепилликлери ҳаққындағы» Нызамының 4-статьясында «Өзбекстан Республикасының пуқаралары сайлаў ҳәм сайланыў ҳуқықына ийе.

Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған пуқаралары сайлаў ҳуқықына ийе. Ҳәр бир пуқара – сайлаўшы бир даўысқа ийе.

Сайлаў күнине шекем яки сайлаў күнинде 18 жасқа толатуғын, тийисли сайлаў участкасы аймағында турақлы яки ўақытша жасап атырған Өзбекстан Республикасының пуқаралары сайлаўшылар дизимине киргизилиў ҳуқықына ийе. Ҳәр бир сайлаўшы тек бир сайлаўшылар дизимине киргизилиўи мүмкин. Ҳәр бир пуқара – сайлаўшы бир даўысқа ийе. Өзбекстан Республикасы пуқаралары жынысы, расасы ҳәм миллий тийислилиги, тили, динге қатнасы, социаллық келип шығыўы, исеними, шахсы ҳәм социаллық жағдайы, мағлыўматы, шынығыўының түри ҳәм қәсийетине қарамастан, тең сайлаў ҳуқықына ийе.

Суд тәрепинен қатнасыққа уқыпсыз деп табылған пуқаралар, сондай-ақ судтың ҳүкимине муўапық азатлықтан айырыў орынларында сақланып атырған шахслар Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўында қатнаспайды.

Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўын Өзбекстан Республикасы пуқаралары улыўма, тең ҳәм туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен әмелге асырады.

Өзбекстан Республикасы Президенти лаўазымына 35 жастан киши болмаған, мәмлекетлик тилди жақсы билетуғын, туўрыдан-туўры сайлаўға шекем кеминде 10 жыл Өзбекстан аймағында турақлы жасап атырған Өзбекстан Республикасы пуқарасы сайланыўы мүмкин.

Өзбекстан Республикасы Президенти 5 жыл мүддетке сайланады.

Өзбекстан Республикасының пуқаралары Өзбекстан Республикасы Президентин сайлаў бойынша сайлаў алды компаниясында ҳәм даўыс бериўде ықтыярлы рәўиште қатнасады.

Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўы бойынша даўыс бериў жасырын болып, пуқаралар тәрепинен туўрыдан-туўры әмелге асырылады. Пуқаралардың өз қәлеўин билдириўлери үстинен қадағалаў етилиўине жол қойылмайды. Өзбекстан Республикасының ҳәр бир пуқарасы бир даўысқа ийе.

Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўына таярлық көриў ҳәм оны өткизиўди сайлаў комиссиялары ашық түрде әмелге асырады.

Сайлаў комиссиялары пуқараларды өз жумысларынан, сайлаў округлери, участкалары дүзилгенлиги, сайлаў комиссияларының қурамы, олардың жайласқан жери ҳәм жумыс ўақтынан хабардар етеди, сайлаўшылардың дизимлери, сайлаўда қатнасып атырған сиясий партиялардың дизими менен таныстырады. Өзбекстан Республикасы Президентлигине кандидатлар ҳаққындағы мағлыўматлар, даўыс бериў ҳәм сайлаў жуўмақларынан хабар етеди. Сайлаўға таярлық көриў ҳәм оны өткизиўге тийисли барлық иләжларда, сондай-ақ ҳәр бир сайлаў участкасында сайлаў күни даўыс бериў ханаларында ҳәм даўысларды санап шығыўда Өзбекстан Республикасы Президентлигине кандидатлар көрсеткен сиясий партиялардан бир гүзетиўши, баспа сөз, телевидение ҳәм радио ўәкиллери, басқа мәмлекетлер, халықаралық шөлкемлер ҳәм ҳәрекетлерден гүзетиўшилер қатнасыў ҳуқықына ийе. Олардың ўәкилликлери тийисли ҳүжжетлер менен тастыйықланған болыўы керек.

Сайлаўды өткизиўдиң «Өзбекстан Республикасы Президенти сайлаўы ҳаққында»ғы Нызамда нәзерде тутылған қағыйдалары ҳәм тәртибин бузыўшы шахслар, Өзбекстан